



Kritè Seleksyon benefisyè PARHAFS

Kritè fondamantal

- Fanmi ki gen kay li ki te andomaje oswa kraze nan ouragan Matye.
- Fanmi ki pat resevwa èd yon ONG pou repara kay li aprè ouragan Matye.
- Kay ki pa genyen konfli familyal.
- Fòk fanmi an gen pou pi piti 3 lane depi lap viv nan lokalite a.
- **Fanmi ki gen pou pi piti 3 moun kap viv ladanl, moun ki pi jèn nan dwe gen mwens ke 60 lane.**
- Tè a pa dwe gen konfli sou li epi fòk li gen papye.
- Fòk fanmi an pa genyen yon lòt kay.
- Kay la pa dwe nan yon zòn ki riske.
- **Reparasyon : Ansyen kay la fasil pou repara. Sinon met kay la dwe aksepte kraze li.**

Kritè enklizyon/ vilnerablite

- Fanmi ki gen plizye timoun piti.
- Kay ki gen yon sèl paran kap jerel (Yon fanm ki chèf kay la, yon minè ki chèf kay la)
- Fanmi ki gen moun aje, moun ki andikape, fanm ansent oswa fanm ki nouris.
- Fanmi ki genyen pou pi piti 3 timoun ki ant 6 a 15 lane.

Kondisyon fondamantal sou :

- Fanmi an dwe patisipe nan tout renkont ak seyans fomasyon teknisyen DDC yo ap fè.
- Fanmi an angajel poul repara kay li, pou li al achte ak charye materyo pou konstriksyon an. Fè swivi depans, proteje materyo, chwa yon atizan sou sipèvizyon yon teknisyen DDC.
- Fanmi ki seleksyone a angajel nan proteksyon anvironman. Pou li sensibilize vwazen li yo pou plante pye bwa epi sispann twalèt atè.